Научная статья
УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2022-1-52-58-65

# ЛЪАБЖЬЭУЖЬХЭУ -Х, -ЛI-ХЭМКIЭ ЛЪАБЖЬЭПЭНШЭУ КЪЭХЪУА ЛЭЖЬЫГЪЭЦIЭХЭМ АДЫГЭБЗЭМ ЩАГЪЭЗАЩIЭ КЪАЛЭНХЭР

***Дзыгъуанэ Ритэ Хьэбалэ ипхъу***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Налшык, Урысей, dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Дзыгъуанэ Р.Хь., 2022

***Аннотацэ***. Лъабжьэпэншэу лъабжьэужь зыбжанэм лэжьыгъэцIэ куэд адыгэбзэм къыхагъэхъукI. Мы лэжьыгъэм и мурадыр абыхэм ящыщу лъабжьэужьхэу -*х*-мрэ -*лI*-мрэ къагъэхъу лэжьыгъэцIэхэм бзэм щагъэзащIэ къалэн нэхъыщхьэхэм дыщытепсэлъыхьынырщ. Зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэм зэгъусэу дакIэлъыплъыныр къыхэкIащ, япэрауэ, абыхэм лэжьыгъэцIэ хьейхэр щыIэцIэми, плъыфэцIэми, лэжьыгъэцIэми къатекIхэу къызэрагъэхъуфым, ахэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми къызэрыщыкIуэм; етIуанэу, мы лъабжьэужьхэм лъабжьэпэншэу *лъэныкъуэ* гъэлъэгъуэныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытым: лъабжьэужь -*х*-м *и лъабжьэмкIэ*, *егъэзыхыгъуэ* гуэрымкIэ кIуэуэ, лъабжьэужь -*лI*-м – *гъунэгъуу* бгъэдыхьэу. А щIыкIэм тету къэхъуа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм псоми объект мыблагъэм и щхьэр къахохъуэри, ар зыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *йэ-(е)*-р къапоувэ. ЩIыпIэ, лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ лъабжьэпэхэм щыщу мы лъабжьэужьхэр зыхыхьэ лэжьыгъэцIэхэм язэхуэдэныгъэ категорэм и преверб *зэ*- щапыувэ щыIэщ. Апхуэдэхэм деж лэжьыгъэцIэм зы щхьэ фIэкIа имыIэу къокIуэ, ари куэд бжыгъэм иту. Ди къэхутэныгъэмкIэ наIуэ къэтщIащ: зэпкърытх лэжьыгъэцIэ гупым лэжьыгъэр здэгъэзар ягъэнаIуэу лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ преверб *къ-, нэ*-хэр къащыпыувэ щыIэщ. Ауэ ахэр зыхыхьэ лэжьыгъэцIэхэм я гъэпсыкIэм зихъуэжкъым. ДызыкIэлъыплъ лъабжьэужьхэр поувэ зи лъабжьэ кIэухыр макъзешэ э-кIэ иухыу къакIуэ псалъэхэми, апхуэдэу макъзешэ *ы*-кIэ иуххэми. ПсалъэщI лэжьыгъэцIэ лъабжьэужь -*х*-мрэ -*лI*-мрэ зыхыхьэхэм я лъабжьэ кIэухым *э:ы; ы:э* аблаут лIэужьыгъуитI къыщохъу. Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, *э:ы* макъзэблэхъу лIэужьыгъуэр бзэм нэхъыбэу щокIуэкI, ауэ зы аблаут лIэужьыгъуэм иджыри хуэкIуакъым. Абы нэмыщIкIэ, къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэм къагъэхъу макъзэблэхъухэр лэжьыгъэцIэхэм я лъэIэс, лъэмыIэс мыхьэнэхэм епхауэ, езы лъабжьэужьхэм ягъэлъагъуэ лъэныкъуэ мыхьэнэр гъэнэIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъууэ къызэрыкIуэр.

***Зэрыгъуазэ псалъэхэр:*** лъабжьэпэ, лъабжьэужь, адыгэбзэ, макъзэблэхъу, лэжьыгъэцIэ, лъабжьэ, кIэух

***Цитатэ къызэрыхэпхынур:*** Дзыгъуанэ Р.Хь. Лъабжьэужьхэу -*х, -лI*-хэмкIэ лъабжьэпэншэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм адыгэбзэм щагъэзащIэ къалэнхэр // Вестник КБИГИ. 2022. № 1 (52). С. 58–65. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-1-52-58-65

Original article

# FUNCTIONING OF INVERSION-FREE MODELS WITH SUFFIXES -Х, -ЛI IN THE VERB OF THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

***Rita Kh. Dzuganova***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia, dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© R.Kh. Dzuganova, 2022

***Abstract***. The aim of the study is to identify the main functions of the suffixes *–х* and *-лI*, which form verbs without the participation of preverbs. A comprehensive analysis of the word-formation capabilities of models with the indicated suffixes in the Kabardino-Circassian language is considered one of the urgent problems. The scientific novelty of this research lies in the identification of all the lexical and grammatical features of the group of verbs containing the suffixes *–х* and *–лI.* Methods of synchronous, distributive and contextual analysis were used in the work. Suffixal morphemes combined into one group form dynamic verbs and can be part of transitive and intransitive verbs. All of them are associated with an indirect object, the indicator of which is the prefix ye- (e)-. Of the local and directional preverbs, the suffixes under study can be combined only with the directional preverbs *къ-*, *нэ-,* explaining the direction of action. Sometimes the studied models may include the affix of reciprocity *зэ-*. In such cases, the derived verb becomes univocal and plural. The analysis of the material allows us to draw the following conclusions: the studied verb suffixes are included in one group because they both express a directional meaning (the suffix *-х* conveys the direction from top to bottom, and the suffix *-лI* – the maximum approximation to the subject); the considered affixes can be included in models with both the final vowel э and the vocal ending *ы*. Moreover, in the root morpheme of derived verbs, we have two types of ablaut: *э: ы; ы: э*. The analysis of the material showed that one type of ablaut – *э:ы* is most widespread in the language, although the indicated morphological process in the studied models is not yet fully completed. In addition, alternations according to ablaut, arising through the suffixal morphemes *-х, -лI,* affect the transitivity or intransitivity of the verb meaning, and also complement, clarify the direction of the verb action.

***Keywords****:* preverb, suffix, Kabardino-Circassian language, verb, ablaut, root morpheme

***For citation****:* Rita Kh. Dzuganova. Functioning of Functional Models with Suffixes *-х, -лI* in the verb of the Kabardino-Cherkassian language. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2022; 1 (52): 58–65. (In Kabardian). DOI: 10.31007/2306-5826-2022-1-52-58-65

Научная статья

# ФУНКЦИОНИРОВАНИЕ БЕСПРЕВЕРБНЫХ МОДЕЛЕЙ С СУФФИКСАМИ -Х,-ЛI В ГЛАГОЛЕ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА

***Рита Хабаловна Дзуганова***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия, dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Р.Х. Дзуганова, 2022

***Аннотация***. Целью исследования является выявление основных функций суффиксов *–х* и *–лI*, образующих глаголы без участия превербов. Комплексный анализ словообразовательных возможностей моделей с указанными суффиксами в кабардино-черкесском языке считается одной из актуальных проблем. Научная новизна данного исследования заключается в выявлении всех лексических и грамматических особенностей группы глаголов, содержащих суффиксы *–х* и *–лI.* В работе использованы методы синхронного, дистрибутивного и контекстуального анализа. Объединенные в одну группу суффиксальные морфемы образуют динамические глаголы и могут входить в состав переходных и непереходных глаголов. Все они связаны с косвенным объектом, показателем которого является префикс *йэ-(е)-.* Из локальных и направительных превербов исследуемые суффиксы могут сочетаться лишь с направительными превербами *къ-, нэ-*, поясняя направление действия. Иногда в состав исследуемых моделей может включаться аффикс взаимности *зэ-*. В таких случаях производный глагол становится одноличным и выступает во множественном числе. Проведенный анализ материала позволяет сделать следующие выводы: исследуемые глагольные суффиксы включены в одну группу потому, что они оба выражают *направительное* значение (суффикс *–х* передает направление *сверху вниз*, а суффикс *-лI* – максимальное *приближение* к предмету); рассматриваемые аффиксы могут включаться в состав моделей как с конечным гласным *-э-,* так и с вокальным окончанием *-ы-*. При этом в корневой морфеме производных глаголов

мы имеем два типа аблаута: *э:ы; ы:э*. Анализ материала показал, что один тип аблаута – *э:ы* имеет наибольшее распространение в языке, хотя указанный морфонологический процесс в исследуемых моделях еще полностью не завершен. Кроме того, чередования по аблауту, возникающие посредством суффиксальных морфем *-х,-лI*, влияют на переходность или непереходность глагольного значения, а также дополняют, поясняют направление действия глагола.

***Ключевые слова:*** преверб, суффикс, кабардино-черкесский язык, глагол, аблаут, корневая морфема.

***Для цитирования:*** Дзуганова Р.Х. Функционирование беспревербных моделей с суффиксами *-х, -лI* в глаголе кабардино-черкесского языка // Вестник КБИГИ. 2022. № 1 (52). С. 58–65. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-1-52-58-65

Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм лъабжьэужь зыбжанэ къыхэбгъэкI хъунущ лъабжьэпэншэу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр къагъэхъуу. Абыхэм ящыщу мы лэжьыгъэм зи гугъу щытщIынур лъабжьэужьхэу *-х, -лI*-хэм къагъэхъуа лэжьыгъэцIэхэрщ. Апхуэдэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм псоми лъабжьэпэ *е-(йэ-)* Iэмал имыIэу хэтщ. Ар объект мыблагъэм и щхьэр зыгъэлъагъуэ аффиксщ, абы лэжьыгъэцIэм и щхьэ бжыгъэми хегъахъуэ.

Лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужьхэм лъабжьэпэншэу къагъэхъуа лэжьыгъэцIэхэм бзэм щагъэзащIэ къалэнхэм зэхэхауэ дакIэлъыплъынщ.

**Лъабжьэужь -*х*-**р лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ хъейхэм япоувэ. Абы лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэри лъэмыIэсхэри къегъэхъу, цIэхэми, плъыфэцIэхэми, лэжьыгъэцIэхэми къатекIхэу. А щIыкIэм тету гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ куэд бзэм къыхохьэ.

Лъабжьэужь *-х*-м къигъэхъу лэжьыгъэцIэхэм мыхьэнэ нэхъыщхьэу къагъэлъагъуэр лэжьыгъэр *лъагапIэм икIыу лъахъшапIэ, ищхъэрэ* лъэныкъуэм зэрыкIуэрщ. Щапхъэ: *е-жэ-хы-н* (егъэзыхыгъуэмкIэ жэн), *е-лъэхъшэ-хы-н* (зыгуэр и лъабжьэмкIэ кIуэн), *е-шэ-хы-н* (егъэзыхыгъуэмкIэ шэн). *Ахэр (дзэм ираджахэр) районымкIэ драшейри, жьыдэхупIэ ирамыту занщIэуи къалэмкIэ* ***ирашэхащ*** [Хьэх 2013: 63].

Лъабжьэужь *-х*-р проф. Яковлев Н.Ф. къызэрилъытэмкIэ, лэжьыгъэцIэ *ех* (и лъабжьэмкIэ кIуэ) жыхуиIэм къытекIащ [Яковлев 1948: 243].

ДызыкIэлъыплъ лъабжьэгъусэр поувэ лэжьыгъэцIэ зи лъабжьэр макъзешэ э-кIэ иухми, *ы*-кIэ иухми. Апхуэдэу къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым *ы:э; э:ы* макъзэблэхъу лIэужьыгъуитI щыдолъагъу [Дзуганова 2005: 128]. Щапхъэ: *ув**ы**-н* (зыщIыпIэ деж щытын), ауэ *е-увэ-хы-н* (лъахъшапIэ гуэрым ебэкъуэхын); *пкIэ-н* (лъэ зэбгъурыткIэ хущIэрыуэу зыдзын), ауэ *е-пкI**ы**-хы-н* (пкIэуэ зыщIыпIэ елъыхын).

Лъабжьэпэншэу къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым аблаут лIэужьыгъуитI къыщыхъуныр грамматикэ щхьэхуэныгъэ яхэлъхэм епхащ. Ди къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, *ы:э* аблаут лIэужьыгъуэм нэхъ увыпIэшхуэ щеубыд дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым. Пычыгъуэзакъуэ псалъэхэм лъабжьэужь *-х* щапыувэкIэ *ы:э* макъзэблэхъур нэхъыбэрэ къыщохъу. Щапхъэ: *ущ**ы**-н* (ущкIэ кIуэн, жэн), ауэ *е-ущэ-хы-н* (ищIагъымкIэ, илъабжьэмкIэ ежэхын); *Iуб**ы**-н* (и щIэр дэгъэзеяуэ гъэтIылъын), ауэ *е-Iубэ-хы-н* (и щхьэр и щIагъыу гъэтIылъын, егъэзыхын), н. къ. Япэрейр лэжьыгъэцIэ хъейуэ къокIуэ, етIуанэм – щытыкIэ къегъэлъагъуэ, ауэ морфологие и лъэныкъуэкIэ зэхуэдэхэщ, зы гупым хохьэ. Апхуэдэу пычыгъуэзакъуэ псалъэ *уэр* (хуабжь) нэрымылъагъу кIэух зиIэ цIэм лъабжьэужь *-х*-мкIэ лэжьыгъэцIэ къыщытекIкIэ, абы и лъабжьэ кIэухми макъзешэ э къыпоувэ: *е-уэрэ-хы-н* (уэру ежэхын, п.п., псыр). Иджыри зы щапхъэ къэтхьынщ: *лъэхъу* (шы кIуэкIэ, ущ хуабжь), ауэ *е-лъэхъуэ-хы-н* (ущу ехын, ищхъэрэкIэ кIуэн).

ДызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым адрей макъзэблэхъу лIэужьыгъуэ *э:ы*-м нэхъ мащIэрэ дыщрохьэлIэ, ари пычыгъуэзакъуэ псалъэхэм я лъабжьэ кIэухым. Зэхуеплъ: *уэ-н* (зыгуэрым удын едзын), ауэ *е-у(**ы**)-хы-н* (ищIагъымкIэ уэн); *блэ-н*

(зыгуэр гъэщIэрэщIэн), ауэ *е-бл****ы****-хы-н* (ищхьэмкIэ къыщыщIэдзауэ ищIагъымкIэ ехыу зыгуэрхэр зыгуэрым кIэрыщIэн, кIэрегъэубыдэн).

Лъабжьэужь -*х*-р лэжьыгъэцIэ зи лъабжьэр *ы*-кIэ иухым щыпыувэкIэ, макъзешэ *ы*-р куэдрэ хъума щохъу. Зэхуеплъ: *дз****ы****-н* (хущIэрыIэу зыгуэр утIыпщын), е *е-дз****ы****-хы-н* (зыгуэр зыщIыпIэ егъэхуэхын). *Псы Iуфэм кIартIуз натIэу тегъэщIа нэпкъ лъагэм* ***ирадзыхыну*** *Iуахуэу и лъабжьэр щIым фIигъанэу зырыримыгъэдзыхам хуэдэу, зы мыIэрысэ жыг ин нэпкъым щхьэщытщ* [КхъуэIуфэ 2000: 9].

Мы гупым хыхьэ лэжьыгъэцIэхэм лэжьыгъэм и щытыкIэр ягъэнаIуэу къыщыкIуэм деж, лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ преверб *къ-* псалъэпкъым къыпоувэ. Апхуэдэу щытми, морфологие и лъэныкъуэкIи, морфонологие и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэцIэхэм захъуэжкъым. Зэхуеплъ: *е-уды-хы-н* (зыгуэрым еуэу зыщIыпIэ егъэхуэхын), ауэ *къе-уды-хын* (зыгуэрым еуэу зыщIыпIэ къегъэхуэхын). *Сеймэн зыгуэр къыпищэнут, арщхьэкIэ абы нимыгъэсу Мэмэт-щIакъуэр къеуэщ,* ***къриудыхри*** *шыгухур псым хэхуащ, ерэн зэрыт фэндыжьым хуэдэу* [КIыщокъуэ 2006: 65].

ЩытыкIэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм преверб *къ*-м и лъэныкъуэ мыхьэнэр нэхъ наIуэу къыхощ. Зэхуеплъ: *лIэ-н* (и псэр хэкIын), ауэ лъабжьэужь -*х*-м *егъэзыхыгъуэ, зыгуэрым и лъабжьэ лъэныкъуэ* игъэлъагъуэр гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэм нэхъ щынаIуэщ: *къ-е-лI****ы****-хы-н* (лIэуэ зыщIыпIэ къехуэхын, къеукIуриехын).

ЛэжьыгъэцIэр къызытекIа лъабжьэм и мыхьэнэмрэ лъабжьэужь -*х*-р зыхэт гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэмрэ синонимэгъу щызэхуэхъуи урохьэлIэ. Зэхуеплъ: *гъ****ы****-н* (гуауэм къыхэкIкIэ нэпс щIэгъэкIын), е *къ-е-гъ****ы****-хы-н* (нэпс щIэгъэкIын). *ЦIыхубзхэм ядэщIыгъуу гуауэ Iейуэ* ***къегъыхырт*** *щIалэ танэ, щIалэ къамылыфэ зэIэщIэлъ* [Теунэ 1980: 12].

Пычыгъуэзакъуэ псалъэм и лъабжьэ кIэухыр макъзешэ *ы*-кIэ иухмэ, лъабжьэужь -*х*-р щыпыувэкIэ ар къыщызэтенэ куэдрэ къохъу, ауэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэм и мыхьэнэр ехъуэж. Зэхуеплъ: *гу(ы)н* (гухъущхьэкIэ хэуэурэ гъавэ хьэдзэхэм я напIэр тегъэкIын), ауэ *е-гу(ы)-хы-н* (зыгуэрым и щхьэр, п.п., жыгым, егъэзыхын, ешэхын).

Лъабжьэужь -*х*-р зыпыувэ дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупми префикс *йэ-(е-)* сытым дежи къапоувэ. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *ар мапкIэ* лэжьыгъэцIэ къытемыкIам субъектым и зы щхьэ иIэу къокIуэ. Ауэ *ар абы йо-пкIэ* (ар зыгуэрым щхьэпролъ) щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэс мэхъу, лъабжьэужь -*х*-р пымытми, объект мыблагъэм и щхьэ къыхохьэ. НэгъуэщI щапхъэ: *ар мажэ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ лъабжьэужь -*х*-р пыува иужькIэ *ар абы йо-жэ-х* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ). Лъабжьэужьыр имыгъусэу къакIуэмэ: *ар абы йо-жэ* (зыгуэрым куэд бгъэдолъадэ, тозэрыгуэ) жиIэу лэжьыгъэцIэм нэгъуэщI мыхьэнэ иIэ мэхъу. Иджыри зы щапхъэ: *лъэф****ы****-н* (щIым зэрытелъу зыгуэр гъэIэпхъуэн) лэжьыгъэцIэр ещанэ щхьэм, ит зэман гъэпсыкIэм ибгъэувэмэ – *абы ар е-лъэф,* наIуэ мэхъу ар щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсу зэрыщытыр. Лъабжьэужь -*х*-мрэ лъабжьэ кIэухым къыщыхъу макъзэблэхъу *ы:э*-мрэ къагъэхъу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ *е-лъэфэ-хы-н* (зыгуэр и лъабжьэмкIэ лъэфын) жыхуиIэр щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ: *абы ар абы ире-лъэфэ-х.*

УнэтIыныгъэ мыхьэнэр гъэхуауэ къызэригъэлъагъуэм къыхэкIкIэ лъабжьэужь –*х*-р лъабжьэпэ *дэ-* / е- хэм щIыгъуу къыщыкIуэкIэ адыгэбзэм и зэпэщыт (антоним) зэхущытыкIэхэр къэзыгъэхъу Iэмэпсымэхэм ящыщ зыуэ къалъытэу литературэм ущрохьэлIэ [Къумыкъу, БищIо: 62].

**Лъабжьэужь -*лI*-**м лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ хьейхэр къегъэхъу, щыIэцIэхэми, плъыфэцIэхэми, лэжьыгъэцIэхэми къатекIхэу. Апхуэдэ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэужь -*лI*-м мыхьэнэ нэхъыщхьэу хилъхьэр – ар лэжьыгъэр зыгуэрым *и гъунэгъуу* къызэрыщыхъурщ, е *гъунэгъубзэу* зэрыбгъэдыхьэрщ. Ауэ щыхъукIэ, лэжьыгъэцIэм къытекIахэмрэ цIэхэм къатекIахэмрэ щхьэхуэныгъэ гуэрхэмкIэ зэщхьэщокI:

1) ЛэжьыгъэцIэхэм къатекIа гупым лъабжьэужь *-лI*-м мыхьэнэ нэхъыщхьэ иIэр сытым дежи щыхъумащ, лэжьыгъэр хъейуэ, зекIуэу мыхьэнэ яхэлъщ. Щапхъэ: *е-кIуэ-лIэ-н* (зыгуэрым гъунэгъуу бгъэдыхьэн). *Нобэ къуажэ Советым* ***екIуэлIар*** *абыхэм (Гуащэкъарэ сымэ) я закъуэтэкъым, куэд хъурт* [Хьэх 2013: 63]. Апхуэдэ дыдэу зэхуеплъ: *е-ху-лIэ-н* (зыгуэрхэр пхуурэ зыгуэрым бгъэдэпхуэн), *е-пщы-лIэ-н* (упщурэ зыгуэрым гъунэгъу зыхуэщIын), н.къ. *Е*-р объект мыблагъэм и щхьэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэщ, *-кIуэ-, - ху-, -пщы-* лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэщ, *-лIэ* – лэжьыгъэцIэ лъабжьэужьщ, *-н* – инфинитив гъэпсыкIэм и лъабжьэужьщ.

ГъэщIэгъуэнщ, Фогт Г. и къэхутэныгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, лъабжьэужь *-лI*-м *гъунэгъуагъ* мыхьэнэ дыдэр иIэу убыхыбзэм къызэрыщыкIуэр: *сыкIьалIан* (сыбгъэдохьэ), *азуылIан* (ахэр зэбгъэдызошэ) [Фогт 1963: 31, 204].

ЩыIэцIэхэм, плъыфэцIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэхэм лъабжьэужь *-лI*-м и мыхьэнэм, *зэгъунэгъуагъ* хэтлъагъуэми, зыхъуэжыныгъэ гуэрхэр ягъуэт, ахэм щытыкIэ мыхьэнэ зэраIэм къыхэкIкIэ. Зэхуеплъ: *е-хьэулейы-лIэ-н* (зыгуэрым пщIэншэу зэман тегъэкIуэдэн, укIэрыщIауэ щытын), *е-гуэпы-лIэ-н* (гуапагъкIэ зыгуэрым гъунэгъу хуэхъун), н.къ. *Е*-р объект мыблагъэм и щхьэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэщ, *-хьэулей-, -гуэпы-* - цIэ лъабжьэхэщ, *-лIэ* – лэжьыгъэцIэ лъабжьэужьщ, *-н* – инфинитив гъэпсыкIэм и лъабжьэужьщ.

Лъабжьэужь *лI*-р хохьэ лэжьыгъэцIэ лъабжьэ кIэух э-кIэ иухми, *ы*-кIэ иухми, уеблэмэ, нэрымылъагъу лъабжьэ кIэух зиIэхэми. Щапхъэ: *лъэтэ-н* (щIым зытеIэтыкIауэ, хьэуам хэту кIуэн), ауэ *е-лъэт**ы**-лIэ-н* (лъэтауэ зыщIыпIэ гъунэгъу зыхуэщIын); *хьэулей* (Iуэхуншэ), ауэ *е-хьэулей**ы**-лIэ-н* (зыгуэрым пщIэншэу зэман тебгъэкIуадэу уригъусэн); *къуз**ы**-н* (зыгуэр быдэу хузын), ауэ *е-къуз**ы**-лIэ-н* (зыгуэр зыгуэрым быдэу кIэрыкъузэн). Щапхъэ: *Къэхъуар зыхуэдэр къызгурымыIуэу, си гур къимыхьэжауэ, си адэм нэхъри* ***зескъузылIауэ*** *солъэIур: − Папэ, дэнэ укIуэрэ?* [Брат 1988: 9].

Апхуэдэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм я деж *э:ы; ы:э* – макъзэблэхъу зэхуэмыдэхэр щокIуэкI:

ЛэжьыгъэцIэ куэд дыдэм лъабжьэужь *лI*-р щапыувэкIэ лъабжьэ кIэух *ы*-р хъума хъуауэ урохьэлIэ. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *дз**ы**-н* (хущIэрыуэу зыгуэр хыфIэдзэн), е *е-дз**ы**-лIэ-н* (хуабжьу жьэхэуэу зыгуэр хуэщIын, п.п., бжэр); *ху(**ы**)-н* (къарукIэ, лъэщыгъэкIэ зыгуэр зыщIыпIэ гъэкIуэн), е *е-ху(**ы**)-лIэ-н* (зыгуэр лъэщыгъэкIэ зыщIыпIэ бгъэдэхуэн), н.къ.

Лъабжьэужь *лI*-р пычыгъуэзакъуэ псалъэхэм япыувэу къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэ кIэух э-р къыщыщызэтени щыIэщ. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *жэ-н* (щIэпхъуауэ кIуэн), е *е-жэ-лIэ-н* (жэкIэ зыгуэрым бгъэдэлъэдэн); *кIуэ-н* (лъэсу е зыгуэркIэ зыщIыпIэ нэсын), е *е-кIуэ-лIэ-н* (зыгуэрым гъунэгъуу бгъэдыхьэн).

Мы лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэужь *лI*-р щахыхьэкIэ я лъабжьэ кIэухым нэхъыбэрэ *э:ы* макъзэблэхъу къыщохъу. Зэхуеплъ: *вэ-н* (щIы щхьэфэр пхъэIэщэкIэ къызэгъэдзэкIын), ауэ *е-в**ы**-лIэ-н* (зыгуэрым екIуэлIэпауэ щIыр вэн); *псэлъэ-н* (зыгуэр жыIэн), ауэ *е-псэлъ**ы**-лIэ-н* (зыгуэрым еуэршэрылIэн), н.къ. Щапхъэ: *Мурадин и жагъуэтэкъым мы щIалэм дыщысын,* ***епсэлъылIэн****, зригъэцIыхун* [Хьэх 1992: 69].

Пычыгъуэзакъуэ псалъэхэм я лъабжьэ кIэухым мащIэ дыдэрэ ущрохьэлIэ нэгъуэщI *ы:э* макъзэблэхъу. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *хь**ы**-н* (IэкIэ пIыгъыу зыгуэр зыщIыпIэ гъэIэпхъуэн), ауэ *е-хьэ-лIэ-н* (зыгуэр зыгуэрым гъунэгъуу бгъэдэхьэн); *лъэф**ы**-н* (щIым зэрытелъу зыгуэр гъэIэпхъуэн), ауэ *е-лъэфэ-лIэ-н* (зыгуэрым зыгуэр гъунэгъуу бгъэдэлъэфэн). Щапхъэ: *АрщхьэкIэ Пэжь НатIэху аргуэру къеубыдыжри, дэшхуей щIагъым сэ зэщIэлъыкIар иIыгъыу къыпэплъэу щIэт нэгъуэщI нэмыцэжьым* ***ирелъэфалIэ*** [Хьэх 2013: 138].

Пычыгъуэзакъуэ *гу(**ы**)н* (гухъущхьэкIэ хэуэурэ гъавэ хьэдзэхэм я напIэр тегъэкIын) лэжьыгъэцIэмрэ лъабжьэужь *-лI* пыувэу къэхъуа *е-гу(**ы**)-лIы-н* (зыгуэр хущIэрыIэу едзылIэн) гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэмрэ я лъабжьэ кIэух *ы*-р

хъума мэхъур, ауэ езы лъабжьэужьым и зэхэлъыкIэм зехъуэж, макъзэблэхъу *э:ы* къыщохъу: *-лIэ//-лIы*.

ДызыкIэлъыплъ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ гупми, зэрынэрылъагъущи, объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэр зыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *е*-р дапщэщи къапоувэ. Бзэм хэт псалъэ псори зы жыпхъэкIэ къэхъуауэ зэрыщымытым хуэдэу, мы лэжьыгъэцIэ гупми абы епхауэ езыхэми щхьэхуэныгъэ гуэрхэр яхэлъщ:

ЛэжьыгъэцIэ гуп къыхэбгъэкI хъунущ лъабжьэужь *–лI*-р объект мыблагъэм (жыжьэм) епхауэ, имыгъусэу къэмыкIуэу. Абы иджыри зэ наIуэ тщещI лексикэмрэ грамматикэмрэ куэдкIэ зэрызэпхар, зэрызэпыщIар. Зэхуеплъ: *е-увэ-лIэ-н* (зыгуэрым гъунэгъуу бгъэдэувэн), ауэ *е-увэ-н* щыIэкъым; *е-джэдэ-лIэ-н* (гуемыIуу зыщIыпIэ гъунэгъу зыхуэщIын), ауэ *е-джэдэ-н* щыIэкъым.

Мы лэжьыгъэцIэ лъабжьэпэншэ гупым лъабжьэужь *–лI*-р хэмытми объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэр къащыхэхъуэ щыIэщ. Апхуэдэхэм деж гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъабжьэужь *–лI*-р зыхыхьэм и щхьэ бжыгъэм зихъуэжыркъым. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *абы ар абы е-шэ* е *абы ар абы ире-ша-лIэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ); *абы ар абы е-хь* е *абы ар абы ире-хьэ-лIэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ), н.къ.

Языныкъуэ лэжьыгъэцIэхэм апхуэдэу лъабжьэужь *–лI*-р хэмыту объект мыблагъэм и щхьэр щапыувэкIэ, омоним къэхъункIэ мэхъу. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *е-жэ-лIэ-н* (жэкIэ зыщIыпIэ екIуэлIэн), ауэ *е-жэ-н* (зыкъом хъууэ зыгуэрым тезэрыгуэн); *е-пщы-лIэ-н* (упщурэ зыгуэрым гъунэгъу зыхуэщIын), ауэ *е-пщ* (пщагъэ сыт хуэдэ гуэр егъэхьэзыр), н.къ.

Объект мыблагъэм и щхьэ префикс *е*-р лэжьыгъэцIэ лъабжьэм пыжыхьауэ къыщыкIуи урохьэлIэ. Щапхъэ: *е-сы-лIэ-н* (есурэ зыгуэрым бгъэдыхьэн), ауэ *е-сы-н* (псым хэлъу кIуэн). Зэрынэрылъагъущи, лъабжьэ епха *-сы-* нэгъуэщIу бзэм къыщыкIуэркъым. Щапхъэ: *Колпашевэ **десылIэным** километр зытIущ нэхъ имыIэжу, зы пщэдджыжь гуэрым, мо къэякъым ижеихьар (Нану-Пакъэ) сыкъызэщыужащ* [АбытIэ 2012: 142].

Лъабжьэужь *лI*-р лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми хохьэ, объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къахигъахъуэу. Щапхъэ: *ар мэ-кIуэд* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы йо-кIуэды-лIэ* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ). Щапхъэ: *Хъымыщ лIы хафэ щтыгъ, испы лъэпкъри нэгучIыцэ лъэпкъыщ, итIумэ ахэчIыгъэр къэхъучIэ нартыжьмэ алъэпкъ екIодылIэн* [Нарты 1974: 124]. (Хъымыщ лIы хахуэу щытащ, испы лъэпкъри нэжьгъущIыдзэ лъэпкъщ, а тIум къахэкIар къэхъумэ нартыжьхэм я лъэпкъыр екIуэдылIэнщ). ЩхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм лъабжьэужь *лI*-м зы щхьэ иджыри къыхегъахъуэ. Щапхъэ: *тхъу(ы)н* (зэкIэрыху, зэкIэрыщэщ гуэрхэр щIым зэрытелъым хуэдэу бел, хьэнцэ сыт хуэдэкIэ гъэIэпхъуэн), *абы ар е-тхъу* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ), ауэ *абы ар абы ире-тхъу-лIэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

Лъабжьэужь *лI*-р зыпыувэ лэжьыгъэцIэхэм язэхуэдэныгъэ категорэм и преверб *зэ-* хохьэ [Кумахов 1964: 194-195]. Абы къыхэкIыу лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм зы щхьэ фIэкIа ямыIэу къокIуэ, ари куэд бжыгъэм иту. Щапхъэ: *ахэр зожалIэ* (куэд хъухэу зэбгъэдолъадэ); *ахэр зопщылIэ* (куэд хъу гуэрхэр пщыурэ гъунэгъу зэхуохъу).

Лъабжьэпэншэ лэжьыгъэцIэ гуп лъабжьэужь *лI*-м къигъэхъуахэм хьэлэмэтагъыу яхэлъыр макъзэблэхъумрэ лъабжьэужьымрэ языныкъуэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэс мыхьэнэ зиIэхэр лъэIэс зэращIырщ. ЩапхъэхэмкIэ зэхуеплъ: *фыгъуэ-н* (нэгъуэщIым къехъулIэм иризэгуэпын), *ар мэ-фыгъуэ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы йо-фыгъуэ* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ). АдэкIэ лъабжьэужь *лI*-м *э:ы* макъзэблэхъу къигъэхъум лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым лъэIэс мыхьэнэ ирет: *абы ар абы ире-фыгъу(ы)-лIэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ). Апхуэдэ щапхъэхэр мы гупым щымащIэкъым. Къэтхьынщ иджыри зы щапхъэ: *тIэн* (щIы щхьэфэр бел сыт хуэдэкIэ зэгъэдзэкIын), *ар матIэ* (зы щхьэ зиIэ

лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы йо-тIэ* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ). АдэкIэ зэхуеплъ: *абы ар абы ире-т**Iы**-лIэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

Бзэм зэрызиужьым, зэрызихъуэжым къыхэкIыу, макъзэблэхъухэри зэхуэмыдэу дызытепсэлъыхь лэжьыгъэцIэ гупым къыщокIуэ. Абы и щапхъэщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм *бэкъуэ-н* (лъэбакъуэ чын) псалъэм къытекIа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэр лIэужьыгъуитIу (*е-бэкъу(**ы**)-хы-н*//*е-бэкъуэ-хы-н*) къызэрыщапсэлъыр. Апхуэдэ дыдэу зы лэжьыгъэцIэм и лъабжьэ кIэухым пыт макъзешэ э-р *ы*-м хуэкIуауи, зэрыщыту къэнэжауи, а тIум хуэдэуи къыщыкIуэ щыIэщ. Щапхъэ: *Iуэтэ-н* (зыгуэр жыIэн), ауэ зэхуеплъ: *е-Iуэтэ-лIэ-н*//*е-Iуэт**ы**-лIэ-н.* Къэгъэлъэгъуапхъэщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм лэжьыгъэцIэ лъабжьэ кIэух э-р гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм *ы*-кIэ нэхъыбэрэ зэхъуэкIа щыхъумэ, кIахэбзэм а лэжьыгъэцIэ дыдэм и лъабжьэ кIэухыр хъума зэрыщыхъур. Щапхъэ: *Iэбэ-н* (зыгуэр къэпщтэну уи Iэр шиин) − *е-Iэб**ы**-хы-н* (и лъабжьэмкIэ Iэбэн), ауэ кIахэбзэм *Iэбэ-н*//*е-Iэбэ-хы-н.*

Къэхутэныгъэ едгъэкIуэкIам къызэрыхэщымкIэ, лъабжьэпэншэу лъабжьэужь *-х, -лI*-хэм къагъэхъуа лэжьыгъэцIэхэм щокIуэкI *э:ы, ы:э* аблаут лIэужьыгъуитI. А лъабжьэ кIэухым щытлъагъу макъзэблэхъухэр лэжьыгъэцIэхэм я лъэIэс, лъэмыIэс мыхьэнэхэми епхауэ, езы лъабжьэужьхэм ягъэзащIэ *лъэныкъуэ* гъэлъэгъуэн къалэнри даIыгъыу, дагъэнаIуэу къокIуэ. Зэпкърыхыныгъэхэм наIуэу къагъэлъэгъуащ дызыкIэлъыплъ лъабжьэужьхэмкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм я лъабжьэ кIэухым *э:ы* макъзэблэхъур нэхъыбэу зэрыщекIуэкIыр, икIи зы аблаут лIэужьыгъуэм хуэкIуэныр иджыри и кIэм нэсу зэрызэфIэмыкIар.

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников

АбытIэ 2012 − *АбытIэ В.Къ.* КIуакIужь. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 2012. 191 н.

Брат 1988 − *Брат Хь.М.* Ди жьэгум мафIэ щыблэжынщ (Брат Х.М. Тепло родного очага). Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1988.

Дзуганова 2005 − *Дзуганова Р.Х.* Морфонологические процессы в кабардино-черкесском словообразовании. Нальчик: Эль-фа, 2005. 216 с.

Кумахов 1964 − *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. Ч. I. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1964. 272 с.

Къумыкъу, БищIо 2021 − *Къумыкъу Д.М., БищIо Б.Ч.* Зэпэщыт зэхущытыкIэхэр адыгэбзэм щызэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр (Кумыкова Д.М., Бижоев Б.Ч. Типы семантической противоположности и их выражение в кабардино-черкесском языке) // Вестник Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований. 2021. № 3 (50). С. 57–65.

КIыщокъуэ 2006 − *КIыщокъуэ А.П.* Лъапсэ (Кешоков А.П. Корни) // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Роман. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КхъуэIуфэ 2000 − *КхъуэIуфэ Хь.* Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ (Кауфов Х. Лес состоит из деревьев) . Налшык: Эльбрус, 2000. 480 н.

Нарты 1974 – *Нарты. Адыгский героический эпос.* М.: Наука, 1974. 415 с.

Теунэ 1980 − *Теунэ Хь.И.* Шэджэмокъуэ лъэпкъыр (Теунов Х.И. Род Шогемоковых). Налшык: Эльбрус, 1980. 568 н.

Хьэх 1992 − *Хьэх С.* Махуэм дунейр и кIыхьагъщ (Хахов С. День длиною в жизнь). Повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык: Эльбрус, 1992. 304 н.

Хьэх 2013 − *Хьэх С.* Лъагъуэр гъуэгум хуокIуэ (Хахов С. Тропинка ведет к дороге). Роман. Налшык: Эльбрус, 2013. 624 н.

Яковлев 1948 − *Яковлев Н. Ф.* Грамматика кабардино-черкесского литературного языка. М.–Л.: Издательство АН СССР, 1948. 372 с.

Vogt 1963 – *Vogt H.* Dictionnaire de la langue Oubykh. Oslo, 1963. 264 p.

## References

ABITA V.K. *Kuakozh.* CHerkessk: Stavropol’skoe knizhnoe izdatel’stvo. Karachaevo-Cherkesskoe otdelenie, 2012. 191 p. (In Kabardino-Circassian)

BRAT H.M. *Teplo rodnogo ochaga* [The warmth of the home]. Cherkessk: Stavropol'skoe knizhnoe izdatel'stvo. Karachaevo-CHerkesskoe otdelenie, 1988. (In Kabardino-Circassian)

DZUGANOVA R.H. *Morfonologicheskie processy v kabardino-cherkesskom slovoobrazovanii* [Morphonological processes in Kabardino-Circassian word formation]. Nal'chik: El'-fa, 2005. 216 p. (In Russia)

KUMAHOV M.A. *Morfologiya adygskih yazykov* [Morphology of the Adyghe languages]. CH. I. Nal'chik: Kabardino-Balkarskoe knizhnoe izdatel'stvo, 1964. 272 p. (In Russia)

KUMYKOVA D.M., BIZHOEV B.CH. *Tipy semanticheskoj protivopolozhnosti i ih vyrazhenie v kabardino-cherkesskom yazyke* [Types of semantic opposition and their expression in the Kabardino-Circassian language]. IN: Vestnik Kabardino-Balkarskogo instituta gumanitarnyh issledovanij. 2021. № 3 (50). P. 57–65 (In Russia)

KESHOKOV A. P. *Korni* [Roots]. In Sobr.soch. v 6-ti tomah. T. 5. Nal'chik: El'brus, 2006. 552 p. (In Kabardino-Circassian)

KAUFOV H. *Les sostoit iz derev'ev* [The forest is made up of tree]. Nal'chik: El'brus, 2000. 480 p. (In Kabardino-Circassian)

*Narty. Adygskij geroicheskij epos*. M.: Nauka, 1974. 415 s. (In Kabardino-Circassian)

TEUNOV H.I. *Rod SHogemokovyh* [The Shogemokov family]. Nal'chik: El'brus, 1980. 568 p. (In Kabardino-Circassian)

HAHOV S. *Den', dlinoyu v zhizn'* [A life-long day]. Povesti, rasskazy. Nal'chik: El'brus, 1992. 304 p. (In Kabardino-Circassian)

HAHOV S. *Tropinka vedet k doroge* [The path leads to the road]. Roman. Nal'chik: El'brus, 2013. 624 p. (In Kabardino-Circassian)

YAKOVLEV N.F. *Grammatika kabardino-cherkesskogo literaturnogo yazyka* [Grammar of the Kabardino-Circassian literary language]. M.–L.: Izdatel'stvo AN SSSR, 1948. 372 p. (In Russia)

VOGT H. Dictionnaire de la langue Oubykh. Oslo, 1963. 264 p.

**Авторым теухуауэ**

**Дзыгъуанэ Р.Хь.** – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ.

**Информация об авторе**

**Р.Х. Дзуганова –** доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка.

**Information about the author**

**R.Kh. Dzuganova** – Doctor of Science (Philology), Leading Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector.

Статья поступила в редакцию 13.02.2022; одобрена после рецензирования 18.04.2022; принята к публикации 16.05.2022.

The article was submitted 13.02.2022; approved after reviewing 18.04.2022; accepted for publication 16.05.2022.